

Semans Lan Pap Eritye Ak Pay La

65-0218

Parkview Junior High School, Jeffersonville, Indiana,

Etazini

1 Ann rete kanpe pou yon moman nan lapriyè. Annou bese tèt nou.

2 Chè Bondye, nou konsidere sa a kòm yon gwo privilèj, aswè a, pou nou isit la nan okazyon sa a, pou pote yon Kris vivan bay yon monn ak yon jenerasyon k ap mouri.

3 Nou ta mande, Seyè, pou W wenn pawòl nou yo ak efò nou yo, pou yo pa tounen vin jwenn Ou vid, men pou yo akonpli sa yo te gen entansyon fè a.

4 Ede chak gason, fanm, ti gason, oswa ti fi, isit la aswè a, ki nan bezwen. Epi, Papa, nou konnen nou tout nan bezwen. Epi lè nou kite, aswè a, se pou nou santi nou nan kè nou tankou moun ki te soti nan Emayis, apre...yo te fin temwen rezirèksyon Kris la, lè yo te di: "Èske kè nou pa t boule anndan nou pandan Li t ap pale avèk nou sou wout la?" Akòde li, Seyè.

5 Geri moun ki malad ak aflije yo. Ke pa gen okenn fèb nan mitan nou apre sèvis aswè a. Epi anvan tout bagay, se pou pa gen yon sèl enkwayan ki rete, Seyè. Se pou yo tout kwè nan Lavi Etènèl, paske se nan objektif sa nou rasanble isit la.

6 Benediksyon sa yo nou mande pou onè Wayòm Bondye a, nan Non Jezikri, Pitit Gason Bondye a. Amèn.

Nou mèt chita.

7 Li bon, aswè a, pou nou tounen isit la. Epi mwen wè nou gen kèk moun ki kanpe alantou, e mwen panse ke telefòn yo--yo louvri kounye a, nan anpil vil diferan atravè peyi a; San

Francisco, Tucson, moute nan lès la. Epi nou, atravè telefòn, voye bonjou pou yo. Nou nan oditoryòm lan isit la aswè a. E tout oditoryòm lan chaje, epi koulwa yo; ak toutotou mi yo, gen anpil moun ki kanpe. E nou konprann ke demen swa nou pral eseye louvri yon lòt bò isit la, nan jimnaz la, epi pou n gen yon oditoryòm ki pi gwo ki pral pran petèt kèk milye moun amplis. Kifè nou espere sa, demen swa. Si li ranpli aswè a, premye swa, ebyen, nou kwè li pral pi plis demen swa. Epi mwen wè yo te mete kèk chèz siplemantè, ak tout bagay, tou, aswè a.

8 Nou nan yon gran atant; dabò, vini Seyè Jezi a; answit, Sali a...pou nanm ki pèdi yo ta resevwa Li aswè a epi ki ta pare pou Vini Li lè Li parèt.

9 Mwen vle ofri yon bonjou espesyal e mwen vle akeyi tout bon mesye sa yo sou platfòm la, mwen konprann ke anpil nan yo se minis. Gen kèk santèn, oswa plis, ki chita sou estrad la, e nou sètènman rekonesan ke yo isit la.

10 Pou nou tout, kèlkeswa kote nou ye a, nan diferan pati peyi a... E mwen konprann ke gen kèk moun isit la ki soti lòt bò lanmè a, lòt bò dlo. Kidonk, nou rekonesan pou w la pou w ap jwi kominyon sa a ansanm ak nou, ke n ap tann Bondye pral ban nou pandan reyinyon sa a.

11 Sanble ke, depi m te panse pou m te retounen pou kèk jou reyinyon sa yo, pwòp kè m te an alèt etranjman ak yon gwo santiman ke gen yon bagay ki pral rive. Mwen pa konnen jis ki sa li ye, men mwen espere ke se yon gwo revelasyon ki soti kote Bondye, ki pral—pral prepare nou epi fè nou pi bon sitwayen Wayòm Li an pandan n ap mache nan monn fè nwa peche ak enkredilite sa.

12 Tè sa a aswè a, kote sa a menm, reprezante yon gwo bagay pou mwen. Depi mwen te konnen ke yo te bati oditoryòm lekòl sa a isit la, mwen te vle gen yon sèvis nan kote sa a. Mwen trè rekonesan anvè konsèy lekòl la ak moun ki pèmèt nou genyen li pa gras.

Se nan plas sa a, jis bò yon pati kote bilding sa a kanpe aswè a, ke yon gwo bagay te fèt trant ane pase, jis sou menm hè sa a. Nan epòk sa a, li pa t anyen ke yon jaden jenè. E mwen te rete nan yon ti kay jis pa bò isit la, anviwon desan mèt. Nan epòk sa yo, mwen te enkyete anpil pou sali papa m ak manman m. Ki, toulede pati aswè a. Epi sitou, nan jou sa a, mwen te enkyete pou papa m. Mwen sonje, mwen t ap dòmi sou galri a. Li te fè cho, se te pandan lete.

13 Sa ekri, mwen kwè, nan ti liv ki rele *Jezikri Se Menm Lan Ayè, Jodi A Ak Pou Tout Tan*, oswa se te nan ti liv ki rele *Mwen Pat Dezobeyi Vizyon Ki Sot Nan Syèl La* .

14 E lè m te kouche sou galri a, mwen te reveye toudenkou, epi yon fado te vin sou kè m pou papa m. Kòm, anpil nan nou moun ki sot nan vil la te konnen papa m. Mwen panse ke li te yon gran gason, menm si li te yon pechè. Epi, men li te gen yon move abitid, ke mwen te eseye goumen kont bagay sa a osi di ke mwen te kapab, atravè laj la, se sa, zafè bwè a. E jou swa sa a li te bwè. E mwen te reveye ak yon gwo fado sou kè m pou li. Epi jis ak pijama m sou mwen, m te mete pantalon m sou mwen, epi chemiz pijama m sou anlè; mwen t al pwonmennen deyò nan jaden jenè sa a, jis kote biling sa a kanpe kounye a, epi mwen te mete m ajenou pou m priye pou papa m.

15 Epi pandan m t ap priye epi m t ap mande Bondye pou L sove I epi pou—pou pa kite I mouri yon pechè, mwen te renmen I; e pandan m t ap lapriyè, mwen leve je m gade bò lès apati isit la, epi te gen yon vizyon. Epi kilès ki te kanpe jis anlè m, anpil nan nou konnen vizyon an, se te Seyè Jezi.

16 Kounye a, mwen pa gen tandans fè ilizyon optik, jan m konnen an. Men vizyon yo reyèl. Epi men Seyè Jezi ki te kanpe la, premye fwa m te janm wè L nan yon vizyon konsa. Li te jis apeprè, o, pwobableman dis pye pi wo anlè tèt mwen, Li te kanpe nan mitan lè a, ak yon pye sou devan jis tankou L ta pral fè yon pa. Li te gen yon rad blan, ak plizyè franj toutotou I. Li te gen cheve desann jouk sou zepòl Li. Li te sanble apeprè, yon Nonm apeprè sa Bib la te di a ke li te gen, apeprè trantan. Men, yon ti Kanmarad mens, trè piti, te sanble Li pat peze plis pase santrant liv.

17 Epi m te gade, epi mwen panse ke te gen yon bagay, ke mwen ta ka gen tò. Kifè mwen—mwen te fwote je m epi—epi m te leve je m gade ankò. Epi Li te kanpe yon jan sou kote, tankou yon jan ak pwofil figi Li. Epi aparans figi L, ke mwen te toujou wè nan vizyon yo, te tankou tèt Hofmann Kris la a trantan. Se pou rezon sa a mwen genyen sa lakay mwen, sou literati mwen, tout kote mwen ka mete sa, paske se konsa sa te parèt, plis konsa. Sèlman, Li te parèt piti.

18 Epi pandan m t ap gade L, mwen te panse: "Sètènman, mwen p ap gade Seyè m lan ki kanpe la." E mwen te on jan, mwen ta di, nan pozisyon sa a, e petèt drèt kote sa a, kote chè sa ye la kounye a. Yon kote, li te jis nan vwazinaj sa a, nan, nan yon reyon kote mwen te kanpe a, pi bon ke m te ka mezire, se te ant karant oswa senkant vèj kote m te kanpe a.

19 Epi mwen te leve je m gade, epi Li te kanpe la. Epi mwen te mòde dwèt mwen, pou m wè si m t ap dòmi. Ou konnen ki jan ou... Jis sanble li pa ta ka konsa. E mwen te jis jèn nan Seyè a lè sa a, apeprè sis mwa depi mwen t ap preche. Mwen te mòde dwèt mwen. Mwen te pran yon jenè epi mwen te kase l. E anpil nan nou ki moun peyi a, nou konnen kisa ti bwa dan sa yo ki nan pye jenè yo. Mwen kòmanse moulen sa. Epi mwen di : "Li—li pa posib. M ap reve. Men kay mwen. Men papa, manman, ak timoun yo la. Men ansyen letan kay brik yo ki te konn kanpe la, kote m te konn al chase kana, jis anviwon desan vèj pi lwen pase sa a. Epi men mwen ki kanpe la nan chan an; li dwe konsa."

20 Mwen te frape hè a ak pye m, mwen te peze pye m yon ti kras, epi m te souke tèt mwen, epi—epi m te tòde men m, mwen te leve je m gade ankò; m te gade lwen, m te gade ankò, epi men Li ki te kanpe la. Epi van an te kòmanse soufle, epi mwen te wè pye jenè a ap soufle. Epi lè li te konmanse soufle, rad Li te pran soufle avèk li. Menm jan ak rad ki pandye sou yon liy, li—li kòmanse flote. Li te kanpe la. Mwen t ap gade Li.

21 E mwen te panse: "Si mwen te ka jis gade figi L!" E Li t ap gade nan direksyon lès, jis fason sa. Li t ap gade l avèk atansyon. Epi m te konmanse mache alantou Li, pou m te ka byen gade figi L. E mwen te toujou pa t kapab wè Li trè byen. Li te gen men L devan L, ki te pito kache kote m te kanpe a.

22 Mwen te deplase ankò. Epi mwen netwaye göj mwen, yon bagay konsa, m te fè "hum," pou m wè si m te ka atire atansyon Li. Men Li pat janm bouje.

23 Alò mwen te panse: "Petèt mwen pral rele L." Lè m di: "Jezi," Li vire tèt Li. Epi lè Li gade m, Li jis etann bra Li yò. Se tout sa mwen sonje. Paske, li te prèske fè jou, e mwen te kouche isit la nan yon andwa kote plas sa a ye kounye a, nan chan an; chemiz pijama m te tou mouye ak dlo nan je m, kote mwen t ap kriye a. Epi mwen te tonbe faya.

Figi li te gen trè ke okenn atis pa t ap ka—pa t ap ka desine oswa pentire. Yo pa t ap ka fè li. Li te sanble ak yon Nonm ke, si ou ta gade L, sa t ap fè w anvi kriye pa senpati, ak respè ak reverans; e poutan Li te gen ase pwisans ke, si L ta pale, Li t ap chavire mond lan. E yon atis pa t ap janm ka sezi trè Li yo.

24 E jouk jounen jòdi a, mwen pa t janm konnen sa sa vle di. Men mwen isit la aswè a, apre trant lane, kanpe nan yon oditoryòm ki dedye kounye a pou sèvis Bondye Toupwisan an. E mwen menm, mwen te jis yon—yon manm layik, reyèlman, jis yon—yon ansyen lokal nan—nan legliz Batis isit la, ke Roy Davis te pastè nan epòk la. Epi kounyeya mwen kanpe isit la nan yon plas ki ranpli ak anpil moun, jis sou menm teren an, ak...sa mwen panse, se rachte San Jezikri a Li menm, ki nan men mwen, pou pote Mesaj Seyè a pandan kat jou sa yo.

25 Apeprè sis mwa apre sa, mwen te gen premye batèm mwen isit la nan rivyè a, lè Limyè a te desann isit la menm nan Spring Street. Anpil nan nou ta ka vle desann epi jete yon koudèy ladann, nan Spring Street e Water, egzakteman devan rivyè a. Epi se la kote zanj Seyè a te parèt an piblik, premye fwa, epi a dezè, yon apremidi. Epi gen yon Vwa ki soti nan li, li di: "Kòm yo te voye Jan Batis kòm prekisè premye Vini Kris la, Mesaj ou a pral prekisè dezyèm Vini an."

26 Sa a se trant ane pita, e mwen isit la ankò, aswè a, m ap pwoklame Mesaj sa a. Epi Li te ale atravè mond lan, e mwen kontan pou m tounen nan vil pa mwen an, aswè a, pou m reprezante Seyè Jezikri sa a ke m toujou renmen ak tout kè m. Chak jou Li vin pi dous pase jou anvan an. Mwen pa janm chanje yon sèl iota nan Doktrin mwen an. Premye bagay mwen te kòmanse avè I la, mwen toujou kwè menm bagay la aswè a. Li se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan. Kounye a mwen gen yon Mesaj ke mwen responsab.

27 Lè Mesaj la te fenk kòmanse, se te tout moun, natirèlman ki t ap priye pou malad yo, gwo siy, bèl mèvèy, ak mirak. Sa te kòmanse espesyalman nan pèp Panntkotist, yon revèy inivèsèl nan yon kanpay gerizon ki te baleye mond lan. Pandan kenz ane solid te gen revèy sou chak ti mòn ki genyen, mwen te sipoze, dife revèy k ap boule. Literalman plizyè milyon moun te aksepte Kris kòm Sovè yo, grasa sèl komisyon sa a. Sa te enspire, depi la, pou rive sou Oral Roberts, elatriye, epi sa te pwopaje, pi plis ankò.

28 Apre sa, legliz Pannkotis la vin tonbe nan twou san fon li an, jan li te ye lè sa a. Entansyon ak dezi mwen, aswè a, se reveye legliz sa a, ankò, pou Vini Seyè Jezi a ki toupre. Mwen oblige reprimande li. Mwen oblige reprimande peche nan kèlkeswa fason li ye. Mwen pa vle di li pou denominasyon pèsonn. Mwen gen yon Mesaj.

29 Kounye a, li difisil pou w jwenn yon legliz pou parene w, menm jan ak Seyè Jezi nou an, paske se Li; se pa mwen. Men kòm premye fwa Li t ap mache bay mesaj la, Li te geri malad yo, Li te leve mò yo, Li te pirifye moun ki gen lalèp yo, Li te chase move lespri yo, tout moun te vle Li. Men gen yon lè kote gen yon Mesaj ki toujou swiv chak siy, paske siy la gen yon vwa.

30 Men yon jou, lè Li te chita, epi Li di: "Mwen menm ak Papa M se youn," sa se te plis pase sa yo te ka sipòte. Se te, tou, lè Li te di: "Si nou pa manje chè Fis de lòm lan epi si nou pa bwè San Li, nou pa gen Lavi nan nou."

31 "Ki jan?" Ebyen, doktè yo ak moun ki byen panse yo ta di: "Nonm sa a se yon vanpi imen, k ap eseye fè nou manje chè Li epi bwè San Li." Li pa janm eksplike li. Li te jis di l.

32 E aswè a nou ka tandem bagay ki k ap jis di nan reyinyon an. Nou ta ka pa kapab eksplike. Men, sonje, Jezikri se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan. Nou kwè li.

33 Kounye a, nou pa gen tan pou n pale twòp, paske nou gen yon lè pou nou nou kòmanse isit la ak yon lè sèten pou nou soti. E nou vle onore konsèy administrasyon lekòl la ki fikse tan sa yo pou nou, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou onore yo.

34 Sonje byen, nenpòt ki lè yon pechè vle vin jwenn Kris, tout sa ou dwe fè se avanse drèt, kit m ap preche, chante, kèlkeswa sa li ye a, epi bay Kris lavi ou menm lè a, retounen nan plas ou. Se pou sa nou la, pou ede w.

35 Mwen vle pale ak Frè Vayle, Frè Rober-...Borders, ak frè yo isit la. Si...Mwen mande m si yo pa ta ka gen, nan legliz la, nan apremidi a, oswa yon maten, oswa yon bagay, sèvis enstriksyon pou moun k ap chèche batèm Sentespri a. Èske sa ta byen, nou menm frè yo? Frè Neville ak nou tout te kapab rive la, ak Frè Capps. Si yon moun vle resevwa enstriksyon

sou batèm Sentespri a, poukisa ou pa vin nan tabènak la...Kisa ki ta pi bon, maten oswa apremidi?

36 [Yon moun di: "Maten." — Editè a.] Maten, anviwon dizè? Anviwon dizè nan maten.

37 Si w gen yon kesyon sou Doktrin nan, si w gen yon kesyon sou Mesaj la, si w—si w vle yo...si yo pat janm okipe w, pèsonèlman, ou vle yo priye pou ou, oswa nenpòt bagay ou vle konnen nan fason sa yo, poukisa ou pa jis glise desann la a dizè nan maten epi wè mesye sa yo. Pral gen youn oswa plizyè nan yo la pou enstwi ou, pou priye pou malad yo, pou reponn kesyon. Menm jan ak yon nonm ki travay pèsonèlman, ebyen, li...Jis al jwenn yo, epi yo pral kontan ede w nan nenpòt fason yo kapab.

38 Kounye a, jis anvan nou pwoche bò kote Pawòl la, nou vle pwoche bò kote Otè Pawòl la ankò. Ou ta ka manje twòp; ou ta ka bwè twòp; ou ta ka ri twòp; ou ta ka mache twòp; men ou p ap janm priye twòp. "Mwen ta renmen nonm sa a priye tout kote, leve men sen san okenn dout oswa kòlè."

Annou lapriyè.

39 Chè Jezi, Otè Pawòl Lavi a, e Ou se Pawòl sa a, kounye a nou pwoche bò kote W solanèlman apre nou fin esplike vizyon an. Pou ke, Bondye, Ou rann temwayaj pou mwen ke se vre. Seyè Jezi, mwen priye pou W wenn pawòl yo aswè a pou tandem chak zòrèy ki anba son Diven an. E si gen kèk moun isit la, oswa k ap koute, atravè peyi a, si yo pa prè epi prepare nan lè sa a pou yo rankontre defi lè a, Mesaj Bondye a, pou yo repanti epi pou yo pare, paske Wayòm Bondye a pwòch. Nou priye pou sa konsa, aswè a, avèk yo, pou yo ka rankontre defi lè sa a.

40 O Bondye, mwen priye pou m mande èd, mwen konnen responsabilite a ak sa sa vle di, ak sa m dwe reponn nan Jou Jijman an, pou tout sa m ap di isit la ak lòt kote. Ede m pou m sensè amò, Seyè, ak tout sa m fè oswa di nan Pawòl Ou a, pou I ka bay fwi. Paske, jan komisyon W lan te ye a: "Pa kite Pawòl sa a elwaye de bouch ou; Men, medite sou li, lajounen kou lannwit, pou w ka veye pou w fè tou sa ki ekri nan lalwa a. Lè sa a, w ap fè wout ou yo pwospere, epi lè sa a w ap gen bon siksè. Èske Mwen pa kòmande ou? Pran fòs epi gen anpil kouraj, paske

Seyè a Bondye w la avèk ou nenpòt kote ou prale." Seyè Jezi, fè I konsa, aswè a. Nou priye nan Non Jezi. Amèn.

41 Vandredi ak Samdi, soti dizè pou rive douzè, nan tabènak la nan 8yèm ak Penn Street, pral gen enstriksyon, repons konsènan doktrin, priyè pou malad yo, ak plis ankò. Vini si w gen nenpòt kesyon, nenpòt bagay ou bezwen. Pral gen mesye yo la pou—pou okipe de li. Seyè a beni ou.

42 Kounye a, pou sèvis ouvèti sa a aswè a, mwen pa kapab fè anyen ke ouvri li tou dwat nan Mesaj nou an. Se pou sa nou isit la, e kounye a se pou sa mwen retounen.

Epi dimanch maten, si Seyè a vle, mwen vle rankontre gwo defi jounen an, konsènan *Maryaj Ak Divòs*.

43 Kounye a, nan Galat 4:27, mwen vle li Pawòl sa yo, 4:27 jiska 31, enkli.

Paske, men sa ki ekri: Fè kè nou kontan, ou menm ki pa fè ptit. Kriye, ou menm ki pa gen tranche, paske fanm gason pat okipe a ap gen plis ptit pase sa ki gen yon mari.

Koulye a, frè m yo, menm jan ak Izarak, nou se ptit pwomès la.

Men, menm jan lè sa a moun ki te fèt dapre lachè a te pèsekite moun ki te fèt dapre Lespri a, se konsa sa ye kounye a.

Men, kisa ekriti a di? Mete esklav la ak ptit gason I lan deyò, paske ptit fanm esklav la p ap eritye ansanm ak ptit fanm lib la.

Kidonk, frè m yo, nou pa ptit fanm esklav la, men nou se ptit fanm lib la.

44 Se pou Seyè a ajoute benediksyon L yo nan lekti Pawòl Li a. Koulye a, mwen kwè isit la ke mwen pran yon tèks konsa, trè dwòl, inabilityèl. Men pafwa nou jwenn Bondye nan lè dwòl sa yo, ki pa abityèl, fason ki pa abityèl yo, bagay ki pa abityèl yo, paske Bondye inabilityèl. Epi moun ki vrèman ap sèvi L nan kè yo, sèvi L nan yon fason inabilityèl, a bagay oswa fason sa ye nan mond lan. Tèks sa a rele: *Semans Lan P Ap Eritye Ak Pay La.*

45 Pòl la a ap pale de desandans literal de ptit gason Abraham yo. Pòl, ak kè kontan, mete tèt li nan pozisyon nesans ki fèt pa fanm lib la.

46 Kounye a, nou konnen Abraram te gen de ptit gason ak de fi diferan. Bondye te fè l yon pwomès pa Sara, atravè Sara, pito, ke ta gen yon Ptit gason ki fèt, e atravè Ptit sa a mond lan pral beni. Tout nasyon ta dwe beni nan Ptit Gason sa a. Epi, moun souvan kwè, espesyalman nan mitan jwif yo, ke sa a se Izarak, men se pa t li. Ptit Gason ki te pwomèt a Abraham lan se Jezi, e se Li ki Semans Wayal ki te pwomèt a Abraham lan. Men, Abraram te gen de ptit gason...

47 Youn, pa—pa Aga, ki te sèvant madanm li; yon bèl, joli, sèvant moun peyi Lejip ke Abraram te pran nan peyi Lejip pou li, pou li te dwe... sèvant madanm li. Epi Sara, ki te panse ke Bondye pa t ap kapab kenbe tout pwomès Li a vrèman, li te di Abraham pou I pran Aga, sèvant li a, epi pou I marye avè I, (se ke, poligami te legal nan epòk sa yo) epi pou I pote ptit la; e se konsa Bondye te fè plan an, ke li te dwe fè ptit la sèlman atravè Aga. Men nou dekouvri ke se pa t konsa.

48 Kounye a, nou konprann tou, Bondye pafè an twa. Kounye a, Bondye "pafè" an twa . "Gras" se senk. Sèt se "akonplisman," tankou mond lan.

Bondye pafè nan Papa, Ptit, Sentespri. Se pèfeksyon Divinite a. Tout yon sèl Bondye, nan twa manifestasyon, nan twa atribi de yon sèl fonksyon, oswa twa fonksyon nan yon sèl Divinite.

49 Kounyeya, gen twa tou nan pèfeksyon, nan etap lagras yo, pou Legliz la; jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a. Sa konsiste ak Nouvo Nesans la, menm jan li tipifye yon nesans natirèl. Se ke, lè yon fanm ap akouche yon timoun, premye bagay ki soti se dlo, san, epi answit lavi.

Bib la di, nan Premye Jan 5:7, oswa 7:5, mwen kwè se sa, ki di: "Gen twa ki rann temwayaj nan syèl la; Papa a, Pawòl la," ki te Ptit la, "ak Sentespri a; twa sa yo se Youn. Gen twa ki rann temwayaj sou tè a." Pawòl la, "dlo, san, ak Lespri. Dlo, san, ak Lespri; twa sa yo dakò nan youn."

50 Kounye a, Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, se Youn. Ou pa ka gen Papa a san w pa gen Pitit la; ou pa ka gen Pitit la san w pa gen Sentespri a. Men ou ka jistifye san ke w pa sanktifye; ou ka sanktifye san w pa ranpli ak Sentespri a. Nou te pwouve sa nan lòd natirèl la.

51 Kounye a, epi anpil nan nou, petèt, mwen ka etranj pou nou. E mwen—mwen san enstriksyon; Mwen sèten ou deja konprann. Men mwen anseye an tip, kòm natirèl la tipifye espirityèl la.

52 Kounye a, nou wè gen twa nan pèfeksyon an. Bondye pafè an twa, kounye a. E te gen pèfeksyon nan semans Abraham lan, ki te Izmayèl, Izarak, Jezi. Izmayèl soti nan fanm esklav la, Izarak soti nan fanm lib la, e yo tou de ak sèks; Men Kris Jezi soti nan vyèj la, san sèks.

53 Men "Semans lan," yon sèl, yon sèl Semans; pa semans yo, men yon sèl Semans. Lòt moun sa yo pa t semans Abraham, paske "Semans" Abraham lan se Semans lafwa li ke Bondye t ap pale a, se pa semans natirèl li a. Paske, apre Sara te mouri, Abraham te marye ak yon lòt fi e li te fè sèt ptit gason, san konte ptit fi. Kidonk, se pa t ap semans Abraham yo, se te "Semans" Abraham, yon sèl. Epi se te Semans lafwa Abraham lan, ki te montre Semans Wayal ki t ap vini atravè lafwa Abraham lan; pa lavi natirèl Abraham, men lavi espirityèl Abraham; ki te pran tout bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye a epi ki te konsidere I kòmsi li pat egziste, epi ki te kwè Bondye; kont tout lespwa, li te kwè nan lespwa. Sa a se Semans reyèl la ke n ap pale a.

54 Isit la nou gen yon imaj. O! Semans lan te kòmanse, semans pwomès la, te kòmanse men lejèman doute, doute de pwomès orijinal la. Gade kijan li kòmanse ba, nan dout de pwomès orijinal la. Bondye te pwomèt Abraham, atravè Sara, pou fè ptit sa a. Men kounye a, gade, premye semans Abraham pa esklav la vini akoz Sara ki doute ke sa a te kapab rive, paske li te fin vye granmoun e li te pase laj pou fè ptit.

55 Kounye a, se konsa legliz la kòmanse. Se konsa li toujou kòmanse. Ou kòmanse depi anba. Ou pa kòmanse nan tèt la. Yon moun k ap eseye monte yon nechèl, eseye pa anwo an premye, li pral kase kou li. Ou dwe kòmanse answit bati sou li.

Epi isit la nou jwenn kòmansman pwomès Bondye te fè a manifeste, atravè yon ti kras dout, entèwipsyon pwogram Bondye a.

56 Se menm fason peche kòmanse nan jaden Edenn nan. Se konsa lanmò te kòmanse ak peche, se lè yon Pawòl Bondye te mal entèprete oswa yo te doute de Li. Ou pa ka gen dout oswa mal plase yon sèl Pawòl Bondye, se ENSI DI LE SENYÈ, Paske chak Pawòl se konsa.

57 Epi vwala Sara, malgre li te gen pwomès la (Sara se yon fi, ki se yon tip de legliz), te doute de Pawòl promiz pwogram orijinal Bondye a, e te di: "Ou menm, Abraham, mari m, pran pou ou bèl sèvant sa a, epi rete avè I, epi vin yon mari pou li. Epi Bondye pral bay semans pwomès sa a atravè li, epi mwen pral pran pitit la." Ou wè, jis kontoune yon ti iota, chanje tout pwogram nan.

Se poutèt sa, nou dwe pran chak Pawòl Bondye a kòm ENSI DI LE SENYÈ. Chak Pawòl Bondye se verite.

58 Isit la semans lan kòmanse donk nan yon pwomès, lejèman doute. Izarak kòm semans fanm ki lib e ki te gen pwomès la, anjandre, tankou Pòl t ap eseye eksplike isit la nan Galat, li te anjandre semans pwomiz la, natirèl la. Epi li kontinye di isit la ke pitit esklav la pa kapab eritye ak pitit fanm ki lib la, paske yo se de kategori diferan.

59 Epi, se vre, enkwayan an pa kapab eritye ansanm ak kwayan an. Pa gen okenn fason, ditou. Se pwoblèm nan jodi a. Ou pa ka fè yon poul denominasyonèl kwè ak yon ègl. Ou jis pa ka fè sa. Se la pwoblèm nan sòti a. Ou dwe kwè chak Pawòl Bondye. Ou jis... Ou pa eritye ansanm. Ni ou pa pral- pral asosye w ak li; ou pa ka fè sa. Ou dwe yon ègl oswa yon poul.

60 Li pa t kapab eritye ak Izmayèl, pitit esklav la, de...akoz de dout la. Sara te doute de Pawòl Bondye a, ke Bondye te kapab kenbe Li. Remake Abraham! Ou wè sou kisa m ap bati pou Dimanch maten. Abraham pa t doute de sa. Sara te doute de sa; se te li menm. Se pa Adan ki te doute; se Èv ki te doute. Se konsa, donk, nou pral jwenn plis enfòmasyon sou sa ye lè nou reprann li Dimanch maten.

61 Menm jan espirityèl la pa kapab tou... natirèl la kapab eritye ak espirityèl la. Pa plis pitit Izmayèl yo pa kapab eritye ak- ak pitit Izarak yo, epi pa plis ke chanèl pa ka eritye ak espirityèl la.

62 Legliz natirèl; Legliz espirityèl. Gen yon legliz natirèl ke fanm sa yo isit la tipifye; epi gen yon Legliz espirityèl tou. Konsa, legliz natirèl ak legliz espirityèl la pa kapab eritye ansanm. Yo se de tan separe, diferan; de pèp separe, diferan; anba de alyans separe, diferan.

63 Se poutèt sa Alèvman an diferan, epi li pral sèlman pou Semans wayal Abraham nan. Li pa ka vini pa semans natirèl, chanèl legliz la. Li pral dwe Semans wayal Pawòl Bondye a, atravè Abraram, Semans wayal la. Se poutèt sa Anlèvman an dwe an premye.

Paske, sonje, "Nou menm ki vivan e ki rete yo p ap devanse, devanse moun k ap dòmi yo. Paske twonpèt Bondye a pral sonnen, moun ki mouri nan Kris yo pral leve an premye. Nou menm ki vivan e ki rete yo, nou pral monte ansanm, epi rankontre Senyè a nan lèzè."

Remake, epi sa ekri ankò, "Epi rès mò yo pa p viv, pandan mil an."

64 Se poutèt sa, laba a, yo pa pral eritye ansanm. Yo pa pral nan Anlèvman an ansanm. Gen absoliman yon legliz natirèl, epi yon Legliz espirityèl; yon legliz chanèl, yon legliz espirityèl. Donk, gade, isit la pa gen ...

65 Pa gen okenn Jijman pou Semans wayal, espirityèl, predestine Abraham nan, paske yo predestine pou lavi Etènèl. Yo te aksepte sakrifis Bondye te bay la; epi sakrifis sa a, ki te Kris, Pawòl la.

"Epi kounye a pa gen okenn kondanasyon." Sen Jan 5:24, si ou vle Ekriti a. "Se poutèt sa, kounye a pa gen okenn kondanasyon moun ki nan Jezikri," Women 8:1, "pa mache dapre lachè, men Lespri a," nan Women. 5:24, "Moun ki koute Pawòl Mwen," mo sa se, "konprann". Nenpòt ki tafyatè, nenpòt lòt bagay, ka tandé Li epi mache pòs li. "Men, moun ki tandé Pawòl Mwen, konprann Pawòl Mwen, epi kwè nan Sila a ki voye Mwen, gen lavi ki p ap janm fini an, epi pa pral antre nan Jijman an; men pase soti de lanmò nan lavi." Wi mesye.

Moun ki te konnen gwo mistè Bondye a, konprann, kijan Bondye te nan Kris ap rekonsilye Tèt Li ak mond lan, kijan ke Li Menm ak Papa a te yon sèl, kijan ke gwo mistè akonplisman de Bondye k ap pran epi fè Tèt Li, manifeste nan laj èt imen yo, epi nan filyè èt imen yo, epi nan konpayi èt imen yo; pou fè Pawòl li manifeste nan jou a, nan solèy levan a lès la, pou fè menm bagay ak leve solèy levan nan Iwès la, pou fè Tèt Li manifeste nan yon Legliz Epouz, Pawòl la manifeste. Ou wè? Li pral, tou. "Moun ki konprann," sa se, "konnen, sa te revele a li, de Sila ki te voye Mwen, gen Lavi etènèl, epi p ap vini nan Jijman an; men pase soti de lanmò vini nan Lavi."

66 Semans natirèl la te sèlman yon pòtè pou Semans espirityèl la. Tankou tij, pòch ak pay la. Nou te pase sou sa déjà, nan yon lòt Mesaj, men mwen ta renmen ilistre li yon ti kras, ladan I, oswa tounen ladan I ankò jis pou yon minit.

67 Kounye a, gen twa etap nan semans lan isit la, ki montre nou vrè imaj la, twa etap yo nan semans natirèl la sou tè a. Tankou yon semans yo plante, fè yon tij, ti fèy soti nan li; answit, pòch la, answit, polèn la akroche I sou li; aprè answit, pay la; epi apre sa semans lan ankò.

68 Gade etap sa yo nan parabòl pafè sa a isit la, epi kijan li fonksyone egzakteman nan tip la, paske Bondye se Otè tout lanati. Se poutèt sa lanati pa ka echwe pa plis ke Bondye pa ka echwe, paske se Li Menm Ki te mete bagay la nan kondisyon li pou—pou nou gade epi wè.

69 Remake Aga, tij la, ki te premye kòmansman boujonman Semans la. Bon, li pa t sanble ditou ak Semans la. Se te tij la, paske li te yon esklav, pa nan pwomès la ditou; anyen pou wè ak Pawòl la, jis yon transpòtè Semans lan.

70 Remake Sara, pòch la ki te gen polèn nan, nasyon Jwif sa a soti nan li. Soti nan, vini de Sara, te anjandre Izarak; atravè Izarak te anjandre Jakòb; Jakòb te anjandre patriyach yo; epi atravè patriyach yo, te fè yon nasyon.

71 Mari, lafwa vyèj la, te pwodui vrè, Semans Pawòl espirityèl la te vin lachè. Ou wè?

Twa fanm yo, twa fanm ki te pote Semans sa a. Youn nan yo te aktyèlman yon adiltè, anba poligami; dezyèm lan te yon fanm lib; e twazyèm lan pa t gen okenn relasyon seksyèl, men pa lafwa li te kwè nan Pawòl Bondye a. Aga, Sara, Sara ak Aga, te fè sèks; men Mari te vyèj, pa pouvwa Pawòl pwomès Bondye a. Se vre.

72 Tij la, Aga (de madanm), te doute pwomès la, men gade kisa sa te anjandre. Lè Aga, dezyèm madanm Abraham, ki te jis absoliman yon konkibin, men li te fè yon nonm, men (ki kalite nonm li te ye?) Bib la di li te "yon nonm sovaj". Li te viv ak banza I, e pesonn pa t ka venk li. Li te endonte, enkonvèti, pa rejenere. Li pa t kapab donte. Li te yon nonm sovaj, paske li te kontrè ak Pawòl Bondye a.

Epi nenpòt bagay ki kontrè; nenpòt ki predikatè, nenpòt manm layik, nenpòt legliz, ki kontrè ak Pawòl Bondye a; pral fè yon group Hollywood modèn adiltè, sovaj, epi ki pa ka rete ak la Pawòl san melanj la, paske li pa menm enkli nan pwomès la. Non.

73 Sara, vrè madanm pwomès la, ki se pòch la, te fè yon jantiyòm. An retou, te anjandre yon nasyon pwomiz ki te sèvi Bondye. [Espaces vid sou kasèt la—Editè a]

Men, Mari, pa t gen okenn sèks ditou, men li te kwè nan Pawòl pwomiz la; pandan li te yon vyèj, li pa t konnen okenn gason. Epi zanj Seyè a te rankontre I, te di : "Bonjou, Mari, ou beni pamì tout fi, paske Bondye avèk ou."

74 Epi li te di: "Kijan bagay sa yo pral ye?" Li...Li te di.

75 Zanj la te di: "Sentespri a pral kouvri w."

76 Sa pa t janm fèt nan tout laj yo, men Mari te kwè Bondye. Epi li te di, "Men sèvant Seyè a." Li te kwè nan Pawòl la.

Kijan li pral genyen li? Li te konnen Aga te gen ti bebe a pa yon dezi seksyèl, ak Abraham; epi Sara te fè ti bebe a pa dezi seksyèl, ak Abraham, pitit pwomès yo; esklav la ak fanm lib la. Men isit la yo te mande I pou kwè. Se te yon kontribisyon a lafwa ki te nan Abraham nan, ki te kwè enposib yo, "Osi lontan ke Bondye te di sa, sa te rann li egzak."

77 Li te kwè Bondye, li pa t janm poze kesyon. Li te di: "Men sèvant Seyè a. Pe enpòt konbyen kritik mwen gen pou sipòte de mond lan, ke sa fèt pou mwen dapre Pawòl Ou a." Vwala manifestasyon Semans otantik la.

78 Sara pa t kapab fè sa, paske se te sèks. Se vre. Epi Sara non plis, paske se te sèks.

Ni legliz la kapab, anba sektaris! Li pran yon kwayans vyèj nan Pawòl Bondye a pou fè yon pwomès, anjandre pitit. Sektaris pa p janm pote Legliz ne de nouvo a. Li pa ka fè li. Li pral pote yon bagay sibstitiye. Li pral pote kèk, yon bagay ki imite Li, yon bagay ki eseye sanble ak Li.

Men yon Legliz Bondye ne de nouvo, otantik kwè Pawòl Bondye a an fas nenpòt bagay, kèlkeswa sa li ye, paske li san melanj. Se pa pwomès Bondye a ke bagay sa yo rive.

79 Mari, vrè a, te di, pa...-san sèks, te di, "Ke sa fèt pou mwen daprè Pawòl Ou a. Men sèvant Ou a!"

Answit li te anjandre. Kisa li te anjandre? Pa yon nonm sovaj; pa yon nasyon. Men, li te anjandre Pawòl la, Bondye Li Menm manifeste nan lachè; amèn, vrè Semans Bondye a ki te manifeste tout pwomès Bondye te fè nan Bib la; san Li, pèsonn pa kapab viv san Li.

80 Li te vrè semans lan, li te pi lwen pase ta-...li te pòch ki te pote Gress lan. Kounye a, de lòt yo te pote Lavi, sèlman kòm semans natirèl la. Mari...Kounye a, sonje, mwen te di lòt de yo...Kounye a, Mari, pa fè I yon Bondye, jan kèk moun ap eseye fè li. Li pa t yon bondye. Non, mesye. Li te sèlman yon pòtè Semans lan, tankou rès yo te ye a; men, tankou lafwa nan Pawòl la, pote plis nan imaj reyèl la.

81 Tankou lè mayi a ap muri, oubyen ble a. Li pouse soti, yon tij; answit li pouse soti, polèn nan; answit li pouse soti, yon pay. Men, lè ou panse, pay sa, si ou pa gade, li pral sanble jis egzakteman tankou ble reyèl la. Men, lè li louvri, ble reyèl la andedan I. Se sèlman yon pòtè, ankò.

82 Konsa, ou wè, Mari, pa grasa sèks, men grasa lafwa; yon bagay egzakteman tankou Li. Mari pa t Semans sa a. Mari te yon pòtè Semans lan.

Li te Semans lafwa otantik, paske Pawòl Bondye a se pa lafwa ke li bay Abraham. Epi se sèlman lafwa ki ka pwodui sa Bondye te di Li ta fè; lafwa nan Pawòl Li.

83 Remake kijan Mari te sanble plis ak Bagay reyèl la, Mari te, men tankou pay la. Kounye a anbrase gress nan anndan I epi li pwoteje I, epi li nourri li jiska li kanpe pou kont li, muri. Se konsa twazyèm laj legliz sa a (pannkòt) muri, kenbe Semans lan jiskaske li lè pou pay la louvri. Mari, antanke manman Kris, jis yon enkibatè.

Li pa t san Mari; Li pa t san jwif; Li pa t san moun lòt nasyon yo. Li te san Bondye. Bondye te kreye San sa a. Li pa t kapab fè sèks. Li pa t jwif ni moun lòt nasyon.

84 Ti bebe pa gen yon sèl ti gout nan san manman an. San an soti nan papa a. Nou konnen emoglobin se nan gason an.

Tankou yon poul, li ka ponn yon ze, yon manman poul kapab; men si li pa t kwaze ak mal zwazo a, kòk la, li pa p janm kale. Li pa fètil, menm si li sanble egzakteman tankou yon reyèl ze fètil. Chak aspè li sanble menm jan, men li pa gen lavi a ladan I.

85 Se menm jan ak moun ki fè pwofese Kris yo. Anpil nan yo sanble ak kretyen, eseye aji tankou kretyen; men ou dwe genyen Kris anndan ou, ki se Pawòl manifeste a, sinon li p ap janm muri pou vin yon vrè kretyen kwayan-Bib la. Li pral toujou yon bagay denominasyonè. Li pa ka viv, paske pa gen Lavi ladan I, pou viv.

Yon ze pa ka kale, li pouri dirèk nan nich la, si li pa t kwaze—ak zwazo mal la.

86 Menm jan ak manm legliz yo. Ou ka dodomeya yo epi rele yo, fè yo dyak ak tout lòt bagay, men yo pral... ou gen yon nich plen ze pouri sof si yo te kwaze ak Konpay la. Se vre.

87 Pay la te yon pòtè, li te nouri Semans lan. Se vre. Answit li, ki se, Semans la li menm, dwe kite kounye a, oswa pay la dwe kite Semans lan, pou pote Semans nan prezans Ptit la, pou Li ka muri. Tout nan yon tip, nou wè.

88 Gade isit la kounye a kijan li menm, legliz dènye jou sa, vin sanble tankou Semans la Li Menm. Gade ki jan denominasyon Pannkotis sa a leve kanpe nan dènye jou yo, epi nou pral eksplike li yon ti kras pita, wè, kijan yo vin tèlman pre pou sanble jis egzakteman tankou Semans lan.

Lè yon pay soti nan yon gress ble...oswa yon jèm ble, apre polèn nan te tonbe nan dezyèm etap la, epi pwodui twazyèm etap la ki se-se pay la. Epi kijan ke ke...Si ou pa yon vrè obsèvatè serye, ou p ap janm ka di anyen sof ke se semans reyèl la. Lè premye ti gress sa soti, sanble ak yon gress, men ou chita epi ouvè l epi w ap dekouvri pa gen okenn gress la ditou. Se sèlman yon pay, yon pòtè pou gress an. Kounye a, gress nan soti ladan l. Men sonje, pa ayen aprè pay sa a.

Sonje byen, pa t gen okenn Semans ankò te ki te pwomèt a yon fi, nenpòt kote, apre Mari. Epi pa gen okenn denominasyon ankò ki pwomèt apre Pannkòt. Se Anlèvman an ak Epouz la ki soti ladan l, Semans lan, Pawòl la te manifeste ankò.

89 Remake, gade kijan li sanble pwòch. Matye te di, Sen Matye 24:24, te di, ke, "De lespri yo nan dènye jou yo," lespri legliz la nan moun legliz yo, ak Lespri Epouz nan moun Epouz yo, "ta p si tèlman sanble jiskaske li ta sedwi vrè Eli yo si li te posib." Se nan pwen sa li sanble.

90 Gade kijan li pase nan tij la. Kounye a remake, nou pral tipifye yon bagay isit la.

Luther, nan epòk legliz la, ki te anjandre Semans Epouz la, se te menm jan nan Lespri. Jis yon ti gress Semans tou piti, Luther te pran pozisyon l, sa se te jistifikasyon pa lafwa. Li te vrèman tipifye Aga, tij la.

Remake, Wesley te yon tip Sara, laj Filadèlfia, laj lanmou ki te anjandre pay la. Ke nan laj Wesley a, te gen plis misyonè pase nenpòt lòt laj nou te genyen yo, gwo laj misyonè a nan tan John Wesley.

91 Men, Pannkòt te reprezante Mari. Mari, dènye etap Li, kounye a, li pa t Semans la. Poutan, Lavi Semans lan te nan li, men Li pa t ko muri. Mwen santi mwen trè reliye. Gen ... Mary te gen semans lan, Li pa t ko muri. Li te la, men Li pa t ko muri.

Se konsa li ye nan laj pentkotist ke nou ap viv la! Sipoze gen pou vini yon—yon Pawòl Bondye ki enteryè, ki pa denominasyonèl, andeyò domèn denominasyon sa a.

92 Luther te al dekòtike premye pawòl li a, "Jis la viv pa lafwa." Wesley te gen de pawòl, "santifikasyon," dezyèm travay defini nan lafwa. Pannkòt te gen twazyèm pawòl la, "restorasyon don yo." Men, tout Semans lan dwe vini! Gade kijan yo fè òganize, ak yon pawòl, epi yon lòt pawòl?

Men, dwe gen yon bagay ki pa ka òganize; se tout antyète Lavi a ki anndan I, dwe pwodwi Tèt Li ankò nan Epouz la. Pa ka gen okenn laj legliz ankò aprè sa. Nou nan fen tan an, frè ak sè. Nou isit la. Nou rive. Mèsi Bondye! Amèn. Kounye a, nou wè bagay sa yo osi vrè ke posib.

93 Malgre tou nou remake, alò, si li se pòch la, oswa...Wesley se pòch la; Pannkot, alò se pay la, ki se pwochen etap nan developman Grenn lan. Men, frè, sè, tij la se pa Grenn nan, ni pòch la pa Grenn nan, ni pay la pa Grenn lan, menm si chak fwa li muri, li sanble plis ak Grenn nan.

94 Tij la pa sanble ak gress lan. Answit, kisa ki soti? Pòch la; yon ti boujon, li sanble plis ak gress lan ke-ke ti fèy yo. Kisa ki vini aprè? Pay la, li pote gress lan, li muri gress nan.

95 Kounye a, fè bak pou gade pwomès Bondye te fè Abraham nan, de "Semans ou," an palan sou plan espirityèl. Nenpòt nan nou konnen sa. Li t ap pale de Kris, non pa Izarak; atravè Semans lafwa li.

96 Remake, premye a se te yon esklav, li pa t sanble ditou ak pwomès la. Bondye pa oblige reoran Pawòl Li pou pèsonn. Bondye di kijan li pral rive, e se konsa li pral rive. Men, Sara, antanke reprezantan legliz la, li (manzè) dekouvri laba a, ke li te di, "Bon, mwen kwè sa a se yon ti kras twò fenomenal. Mwen jis pa menm ka kwè nan sa, kidonk, ale jwenn Aga epi pran li kòm madanm ou." Wè, la, tij sa a pa t sanble ak pwomès la, ditou.

Men, lè Sara te vini, kounye a, sa te sanble trè byen. Li sanble bokou plis ak pwomès la, men toujou se pa t Pawòl otantik la. Paske, Izrayèl, nan Izarak, echwe epi nye Semans otantik la lè Li vini. Alelouya! (Pa nève; pa kouri. Sa pa pral blese w.) Nye Semans lan, klosure Li, epi pann Li sou yon kwa!

97 Menm jan Pòl te di la a, "Èske—semans—semans fanm lib la...oswa esklav la pa t pèsekite semans fanm lib la? E konsa semans denominasyon an pèsekite semans oriijinal la. Li te toujou dwe konsa. Yo pa pral eritye ansanm. Yo pa asosye ansanm. Yo se absoliman de pwomès diferan, de epòk diferan, de pèp diferan, ki ansanm. Youn se Epouz la, lòt la se yon legliz. Pa gen konparezon, ditou, antre yo.

98 Men toujou yo pa t Semans ki te pwomèt pou vini an. Sara non plis, ni se pa t...E Aga non plis, oswa ni Sara—Mari pa t semans lan. Mari pa t Semans lan. Li te pote Semans lan, men li te pran swen I, li te soti nan vant li. Menm jan ak pay la, ki te fè vrè Semans lan soti nan vant li, men pay la se pa Semans lan. Li sèlman...Li pi rapwoche de semans lan. Li antoure Semans lan toutotou L. Depi nan kòmansman pye ble a, lavi te gaye nan tout pye ble a. Men, lè I rive nan polèn nan, li rasanble pi pre anba a. Men lè I kesyon de pay la koulye a, li jis desann la a tankou Semans lan, epi li fòme prèske tankou Semans lan. Jezi te di nou sa k ta pral rive nan dènye jou a, "L ap tèlman pwòch ke I t ap sedwi moun ki Eli yo si posib," men Lè sa a, Semans lan ap gentan soti. Epi pay la, Lavi kite pay la. Epi pay la se yon transpòtè, e se jis egzakteman sa denominasyon nou yo ye, yon transpòtè; Litè, Wesley, pantkotist yo. Epi kounyeya li lè pou Semans lan soti. Remake, jis...

99 Li pa t Semans lan. Mari pa t semans lan. Jis yon pay, polèn lan, ak pye ble a, transpòtè pou yon pati nan Pawòl la, pa tout Pawòl la! Luther te gen jistifikasyon; Wesley te gen sanktifikasyon; Pannkotist yo te gen restorasyon don yo. Men lè Pawòl la vini... Kounye a, yo te kab pwodui sa, kise, jistifikasyon ap sove yon nonm. Ou kwè sa? Sèten, se te yon transpòtè Pawòl la, menm jan m kwè pye ble a se yon pati nan ble a. Sèten, se sa I ye, men se transpòtè a. Se pa Vi a. Sanktifikasyon vin apre sa. Konbyen moun ki kwè nan sanktifikasyon? Ou kwè nan Bib la, ou oblige. Sèten. Kidonk se toujou sa; se yon ti kras plis tankou; sa fè de mo an plis. Men answit pannkotis la rive, restorasyon don yo. Pale nan lòt lang yo, yo rele li premye prèv Sentespri a. Pale nan lòt lang yo, la a, yo rele sa premye prèv la, ki te pwodwi (ki sa?) pay la, men yo te fè yon denominasyon. Men, lè w vin di: "Mwen menm ak Papa m se yon sèl" ak lòt bagay sa yo, lè sa a pay la retire kò l nan sa. Men Legliz Epouz reyèl, otantik la pral brandi tout Pawòl Bondye a, nan plenitud Li ak fòs Li, paske Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Remake, Semans lan te nan zantray Mari.

100 Men, lè Semans la te delivre, Li te di: "Mwen vin fè volonte Sila a ki voye m lan. Mwen menm ak Papa m se youn. Si Mwen pa fè zèv Li yo, pa kwè mwen." Se te Semans lan. "Kiyès nan nou ki ka kondane M pou enkredilite? Sa Bib la te pwomèt ke M t ap fè a, Mwen te fè l. Bondye te verifye sa atravè mwen," li te di. "Ki moun ki ka di M kounye a?" Ou wè? Men, Sem—Semans lan nan Mari, pay la, li te sou pwen pou l vin Sa, men li pa t ko. Li te toujou nan vant lan.

101 Remake, epi nan laj Pannkòt la. Atravè laj Literyen an, atravè laj Wesleyen an, se te toujou menm bagay la nan laj Pantkotis sa a. Koulye a remake. Men nan ouvèti Sèt So yo, Apokalips 10, Pawòl konplè a gen pou l pran nesans nan manifestasyon ankò, epi konfime pa Lespri Bondye a, nan tout fòs Li te ye lè L te sou tè a; Li te manifeste nan menm fason an, fè menm bagay sa yo ke L te fè lè L te isit la sou tè a. Amèn! Ebre 13:8 te di, "Jezikri la se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan." Nan Sen Lik 17:30, Jezi te di, "Nan dènye jou yo, menm jan sa te ye nan epòk Sodòm lan, lè Fis de lòm lan pral revele tèt Li ankò, se pral menm bagay la."

102 Mond lan nan yon kondisyon Sodòm. Epi legliz la te antre Sodòm, ansanm ak li, tankou Lòt ak madanm li. Epi m te di ke gen yon Legliz Eli yon kote nan mond sa a, k ap soti epi rete andeyò de bagay sa yo, e manifestasyon Bondye a te atire atansyon li. Nou nan dènye jou yo.

103 Pay la bay Semans lan Fòs li. Li te kontinye wout li; li te yon bon pay, men li te fin bay tan l. Ou wè, se Epouz Pawòl pou Epou Pawòl la!

104 Semans natirèl Abraram lan, Izarak, ak Jakòb, ak... Oswa, semans natirèl, pito, Ismayèl la, semans natirèl Izarak, elatriye, te oblige antre nan tè a, pou—pou fè lòt sa a soti, fè Jezi soti. E se konsa pou tout lòt yo, semans sa yo dwe seche... Mwen vle di, pay yo dwe seche, epi polèn la dwe seche, epi tout bagay mouri, pou ke Semans lan ka repwodwi. Se konsa l te ye nan chak aj.

105 Denominasyon yo te transpòtè yon pati de Li, yon pati ki se Pawòl la, paske Li te kache pou refòmatè saj yo, oswa... li te sele lwen yo, jiskaske laj Èg yo te parèt. Bib la te di sa. Wi mesye. Paske, yo te pwomèt sa nan Malachi 4. Egzakteman, se sa n ye. "Li te kache l pou je moun ki saj ak moun ki pridan."

106 Pandan ke nou fèk sot travèse Liv Apokalips la, nou jwenn ke chak, tout lè twa mesaje bêt sa yo ki te soti; chak nan yo te konvni pafètman ak Litè, chak te kanpe lòt la pafètman byen, ki se bèf la ak diferan zannimo nan Bib la; yo te soti nan jistifikasyon, sanktifikasyon, menm nan Pannkotis yo. Men katriyèm lan te yon Èg, se vre, e atravè laj sa a Bondye te fèl monte I. Kidonk, li dwe rive nan epòk sa a pou I kòrèk, wi, mesye, pwomès Èg Malachi 4—lap ap akonpli.

107 Jezi pa t vin de Mari, men li te soti nan Mari, menm jan ak vi a te pase atravè pay la.

108 Kounye a, anpil nan nou janti frè Katolik yo isit la, oswa sè yo, aswè a, panse petèt ke Mari te "manman Bondye", jan w te di I la. Ki jan I te kab manman Bondye, alòs ke Bondye pa t gen kòmansman ni fen? Ou wè? Ki moun ki te Papa Bondye, lè sa a, si Mari te manman an? Ou wè? Li te Kreyatè Mari, e manzè pa t kreyatè I. Li te kreye, tèt Li, nan vant Mari, se pa pwòp kreyasyon Mari. Se te Li menm ki te kreye, pwòp Limenm. Li pa t vin de Mari, men manzè te vin de Li. Se vre. Bib la anseye nou, ke, "Tout bagay te fèt pa Limenm," ou wè, "e pa gen anyen ki te fèt, sof sa ki te fèt pa Li." Kidonk ki jan Li te kab... Ki jan L te ka gen yon manman, lè L te Bondye Limenm?

109 Kounye a nou wè la a veritab revelasyon vrè tip la. Gen twa fanm ki pote gress natirèl la, jiskaske yo atenn matirite nan Jezi. Kouman Ismayèl te ka pa li, paske li te fèt, anreyalite, nan sa nou ta panse jodi a, andeyò lyen maryaj, paske li te pitit gason yon esklav. Answit gen youn ki vin yon ti kras plis tankou I, tankou Jezi, ki vin de Izarak; Men, se toujou pa t li, paske li te fèt pa sèks ant Sara ak Abraram. Men apre sa Mari te vini, pa nesans vijinal la, te pwodwi Jezi Kris. Se vre. Bondye, Pawòl la, te fè L chè.

110 Kounye a gade. Te gen twa fanm. Gen twa fanm ki tipifye la a isit la, legliz yo. Fanm yo toujou tipifye legliz. Ki vle di, twa aj denominasyonèl, transpòtè, ki dwe mouri tou epi seche nèt, menm jan ak pay la ak lòt bagay yo fè, pou fè plas a Semans lan. Gress lan pa ka vin bon, pa ka mi, pito, jiskaske pay la, pye ble a, ak fèy yo, fin seche nèt. Se vre. Li souse chak ti pati Lavi a, nan yo; amèn; tout sa I te ye, se sa, e plis ankò.

111 Li pa ka fè ! Kounye a se tan Gress lan, oswa tan Epouz la. Pay yo mouri. Pay yo seche nèt. Pawòl vyèj pou tan an, pa t touche. Se yon vyèj, sonje, yon Pawòl vyèj pou tan an. Si w ta mete L nan men yon denominasyon, se sèten li pa pral vyèj; gason pral touche I, letan pou rive sou Li. Men, denominasyon pa touche legliz Bondye a. Alelouya! Se yon Pawòl Bondye ki fèt de yon vyèj ki manifeste, Jezikri se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan. Alelouya! Ala, Ala li mèveye! Mwen renmen L. Mwen kwè L. Mwen konnen se Verite a. Yo pa pral touche I. Pa ap gen okenn manipilasyon moun denominasyonèl nan Nesans vijinal Epouz la. Non, mesye! Li se— Bondye te kòmande I pou soti nan yon tèl bagay. "Pa manyen bagay malsen yo a, pou pa tounen votou."

112 Mjis raple m. Pandan m t ap sot Phoenix lòt jou, pou m vin Tucson, m te sot nan reyinyon an, Lespri Bondye a te atire atansyon m sou yon bagay; alòs ke madanm mwen te ansanm avè m, ap pale, epi timoun yo t ap dòmi dèyè a nan machin lan, li te kòmanse ta. Yon fokon te atire atansyon m, epi m t ap obsève fokon sa a yon ti kras epi etidye I. Li se yon tip legliz la jodi a.

113 Kounye a, fokon an, jan nou tout konnen an, te pèdi idantifikasyon kreyasyon orijinal li a. Se egzakteman sa. Yon fwa li te sanble ak yon Èg, pi gran frè I la; se te sa yon fokon. Men

koulye a, li pa vole monte nan syèl la ankò, pou al chase lamàn selès la, men li vin mou. Li pa vole monte nan syèl la ankò. Li sote sou tè a, tankou yon votou; pandye sou yon poto telefòn; ap pede sote, ap chase lapen mouri. fokon an pa t fèt pou fè sa. Non, li te fè t pou l te menm jan ak yon èg. Ebyen, se menm jan ak legliz la. Li te fèt pou l te parèy ak èg la. Li ta dwe pran plas nan lye selès yo . Men, olye de sa, li vin mou. Li pa vole nan enkoni an ankò, nan syèl ble a. Non, mesye. Li depann de fason modèn li yo, de adopsyon, de edikasyon, ak teyoloji, de kèk denominasyon fabrike; ap chèche yon pil lapen mouri, amwatye pouri, ke yon lòt bagay te genyen. Se vre. L ap sote a tè a la a kounye a, ou wè, se sa, yon fokon. Ou wè, se sa yo di. Èg la pa chanje yon ti kras. Li rete yon èg.

114 Li pa ka monte nan syèl la, yon fokon pa ka fè l, ankò, pou al pran lamàn fre li anlè a, men li depann de sa l ka jwenn ki déjà mouri. Yon fokon difisilman...di ke li te sipoze ranmase atè a. Men, obsèvè yon vye fokon jodi a. Desann sou wout la, ou wè yon bann fokon sou fil telefòn yo plen ak fokon, ap gade si l ka jwenn yon bagay—yon bagay mouri, kèk bagay pouri. Li te gen tèlman ke l pa gen zèl ase pou vole. Li se... Premye bagay ou konnen, li pral desann atè a, toubònman, rete klouwe atè a paske l vin mou. Li pa sèvi ak fòs li, ankò, ke Bondye ba li a.

115 Idantifikasyon espesyal li a se te navige nan syèl la epi ap gade anba a, men kounye a li desann pi ba nèt epi li pa menm ka gade anlè. Li te gen lide l sou lapen mouri, pou l jwenn sa l ka jwenn sou wout la; kèk moufèt, opossum, oswa yon bagay ke yon moun te pase sou li. Li pa yon èg, men li se yon bagay konsa. Jis tankou legliz la k ap depann de manje sa a pou edikasyon elatriye, yon rejim mòtèl ki te mouri dèzane de sa, atravè Litè, Wesley, ak Pannkotis yo, e konsa konsa, li t ap manje. Se vire gade pa dèyè a kèk kwayans ke moun fè; olye pou yo pran vòl pou monte nan Lye Selès Pawòl la, kote ke, "Tout bagay posib pou moun ki kwè."

116 Li te pran abitid votou a. Bagay ki mouri sa yo ke yo te kite pou chawoya yo, mond lan. Edikasyon ak bagay konsa, ke yo te kite pou mond lan, pa pou Legliz la. Li tèlman mou li pa...Li pa rezistan ankò. Li pa ka monte nan Lye Selès ki mande rezistans, kote ke, "Tout bagay posib pou sila yo ki kwè." Li fè bak, epi l di: "Ebyen, Doktè Entèl entèl te di sètèn m...Denominasyon mwen an pa kwè L konsa." O, oumenm fokon pèvèti, ki pè pou lanse w nan pwomès Bondye yo! Ou di, "Oke, jou mirak yo te pase."

117 Ou tou mou. Ou pè pou louvri zèl ou yo pou vole monte. Epi èske w vin twò mou pou yon reyinyon priyè ? Èske w rive yon kote ke w pè rete plis pase dis minit sou lotèl la?

118 L ap pede sote tankou yon votou, pede manje kadav ki mouri atè! Wi mesye. Li twò fèb pou al lwen nan wotè ki rezistan yo, ankò. L ap sote tankou yon votou, epi l ap manje manje votou. Se sa l ye. Se vre. Jiskaske, li kòmanse sanble ak yon votou. Li aji tankou yon votou. Li pa anyen plis ke yon fokon. Li plis yon votou ke yon fokon. Yon fokon sipoze vole; pa rete sou yon poto telefòn epi ap chache yon lapen mouri, e answit desann la a epi ap monte desann sou wout la tankou yon votou. Ou wè?

119 Se jis fason sa ke legliz la ye jodi a. "Kisa sa itil pou monte anwo a ap vole toutotou, lè m ka jwenn lapen la a?" Men, yo te mouri. Yo te pouri. Yo te kontamine. Yon lè, yo te bon; menm jan ak doktrin Literye an, Wesley, ak Pannkotis yo. Poukisa w manje tankou yon votou? Te gen lamàn ki te tonbe chak swa, soti nan syèl la, pou timoun Izrayèl yo pandan y ap vwayaje; nenpòt bagay ki rete te kontamine. Nou te konn di, nan peyi a, " te gen teta ladann." Gen twòp

teta nan eksperyans nou yo jodi a, reliyon nou yo, tou depan de sa yon lòt moun te di, sa yon lòt moun te di, epi, "Pwomès la se pou kèk lòt aj."

120 Gen yon nonm ki te vin kote m pa gen lontan de sa, yon predikatè Batis, anwo a lakay mwen, li di: "Ou konnen," li te di, "Mwen—mwen jis vle korije w sou yon bagay." M te di: "Kisa?" Li te di: "W ap eseye anseye yon Doktrin apostolik nan epòk sa a." Li te di: "Laj apostolik la te fini."

121 Mwen di: "Kilè?" Ou wè? "Mwen pral di w kilè I kòmanse, epi pou di m ki lè I te fini." Mwen te di: "Èske w kwè Pawòl la?" Li te di, "Mwen kwè L."

122 Mwen te di, "Dakò. Kounye a, Jou Pannkòt la, èske w kwè se lè a epòk apostolik la te kòmanse?" Li te di, "Mwen kwè sa."

123 Mwen te di: "Lè sa a, oratè a, Apot Pyè, te di pawòl sa yo." Epi raple w, Jezi te di: "Nenpòt moun ki retire youn nan Pawòl Sa a, oswa ki ajoute yon mo ladan I, y ap retire pati I la nan Liv Lavi a," sa a se yon predikatè oswa yon moun ki gen non yo nan Liv la. Mwen te di, "Pyè te di, 'Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche n, epi n va resevwa don Sentespri a. Paske pwomès la se pou nou, pou pitit nou e pou moun ki byen lwen yo, osi anpil ke Seyè a, Bondye nou an, va rele yo. Kidonk kilè I te soti? Li te la pi rèd." Se yon fokon ki tounen votou, k ap sote toutotou kèk lòt kadav ki mouri, kèk lòt laj ki te mouri pou yo. Se sa... Pa lamàn fre ki sot nan syèl la, dezòmè. Yo pa vle I. Yo pa ...Yo pa ka gen yon reyinyon lapriyè. Se pa èg, pou kòmanse; tou fèb, san rezistans; li jis ap sote toutotou.

124 Se konsa denominasyon modèn nou an ye tou, ki depann sou edikasyon ak kèk teyoloji lèzòm fè, pou eksplike tout Bagay sa yo, epi yo aksepte sa. Yo p ap pran Pawòl ki te di: "Jezikri se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan." Yo p ap pran Malachi 4. Epi li p ap pran tout lòt pwomès sa yo ki se pou jounen jodi a, ki pale de laj legliz la. Jan pwofèt la te di, "Pral gen limyè nan tan aswè a," yo pa aksepte Sa. Yo vle sote sou sa kèk òganizasyon pentkotist te touye, yon santèn ane de sa, nouri yo de mann ki amwatye pouri. Se vre. Li pa bon.

125 Remake, legliz tèlman chanèl, I ap nouri I de chawony monn lan, bagay nan monn lan ki mouri, menm jan votou a fè I la. Bann Politik legliz yo, yo pa kite Sentespri voye yon nonm nan yon legliz; yo dwe gen politik yo epi wè si denominasyon an pral resevwa I ou pa. Se vre. Yo tankou mond lan. Yo abiye tankou mond lan. Yo sanble ak mond lan. Yo aji tankou mond lan. Yo se votou, tankou mond lan. Yo parese, mou, yon bann kontrefaktè. Se tout sa ke I gen nan li. Èske w te janm wè yon èg nan fè konpwomi? Non, mesye. Pa gen okenn konpwomi nan li. Ni yon vrè kretyen. Li pa yon fèb. Li pral lachas jiskaske I jwenn. Amèn. Wi mesye. Li pral jwenn vyann li. Li vle Mènn ki fre a. L ap desann la a epi fouye jiskaske I jwenn li. Li pral vole pi wo e pi wo. Si pa gen anyen nan plenn sa a, li pral elve yon ti kras pi wo. Plis ou ale pi wo, plis ou ka wè. Kidonk, li lè pou èg jounen jodi a rive vole pi wo, fouye nan pwomès Bondye yo, pa ap nouri ak manje votou ki te touye dèzane de sa; soti kò w nan sa.

126 Politik sa yo, vote pou ak vote kont, ap di sesi, sela, oswa lòt la, epi Sentespri a pa gen plis dwadpasaj nan legliz la ke sa. Pa gen reyinyon lapriyè ankò, pa gen agoni ak Bondye pou akonpli Pawòl Li a! Pa gen kwè ke Pawòl la toujou menm nan ayè, Jodi a et pou tout tan. Yo jis pran abitid votou, yo te tounen yon denominasyon, mete non yo nan liv la; epi vin parese e ramoli, epi li rete la a ap festwaye sou yon jan de kadav chawon-y. Epi, answit, li te sipoze omwen yon fokon ki sanble ak frè yon èg, pwofèt ki te pote vrè Pawòl la e ki te manifeste L.

127 Li konte sou yon teyoloji lèzòm fè, ki amwatye pouri. Ki kote I jwenn li? Nan kèk fèy pwogram lekòl dimanch ke lèzòm fè, kèk edikatè te touye pou li lè I te nan kèk seminè, ki di I ke, "Jou mirak yo pase. Pa t gen yon tèl bagay tankou batèm Sentespri a. Tout bagay san sans sa yo." Ou vle di m ke yon èg ta manje sa? Li p ap ka fè I. Non, mesye.

128 Yon kreyen p ap manje yon kadav ki soti nan ansyen doktrin denominasyon ak lòt bagay sa yo. Yo vle Pawòl Bondye a, tou fre, pwomès pou lè a. Bondye te pwomèt lapen nan epòk Luther. Li te pwomèt lòt bagay nan epòk lòt moun. Men koulye a, li te pwomèt nou yon repa konplè, yon meni ak sèt sèvis, paske tout sèt sele yo te louvri, e tout bagay pare pou Pawòl Bondye a, pou sila ki ka resevwa L!...?...

129 Fokon sote tankou chawoya yo. O, la la! Reflechi sou sa, ebyen—ebyen ala moman an kritik. Menm jan fokon an depi lontan pèdi idantifikasyon I kòm yon fokon, se konsa legliz la pèdi idantifikasyon I kòm yon (zwazo) ki ti frè èg la, pwofèt Bondye yo. Yon lè ki te transpòtè vrè pawòl, jistifikasiyon; answit, vin yon transpòtè sanktifikasiyon; apre sa, vin tounen transpòtè batèm Sentespri a, restorasyon don yo. Men, lè sa a, lè I kontinye: epi kontinye ap fè bak, eseye ap manje yon bagay, lamàn ki te pou yon lòt jou, li pouri, li pa bon. Yon èg otantik pou jou sa a konnen ke se te byen. Men, nou te gen sa, anplis, jiskaske Jezikri manifeste nan plenitud pwisans li, jan I te pwomèt li t ap ye nan dènye jou sa a.

130 Kounye a li se yon pay sèch. Li te pase; Lespri Bondye a te pase atravè li, se vre. Epi li pa pral, li p ap eritye ak Semans Pawòl ki konfime a. Li pa pral fè I sèten. Li pa pral nan anlèvman. Li pral yon manm legliz, ki ka vin nan dezyèm rezirèksyon an, yo pral jije dapre sa I te tande. Si w la aswè a, epi jis yon manm legliz, ki sa ke ijiman pral ye, lè nou tout gen pou kanpe la epi temwaye ke w te tande Verite a? Ou wè? Li pa vole ankò nan syèl la, nan enkoni a, nan sinatirèl la, kote Pouwva yo ak wotè yo, ak pwomès Pawòl Etènèl Bondye a vin posib, "tout bagay pou moun ki kwè yo." Li pa pral kwè Sa, li te di. Li retonbe sou fil telefòn lan, epi I di, "Denominasyon m nan di lapen yo se kòrèk." Menmsi yo te gen vè nan yo, men, kanmenm, "Yo kòrèk," ou wè. Li depann de sa.

131 Lapannkòt se tankou sè votou denominasyon I la, ki chita kounye a nan gwo "syèj konsèy enpi yo," sètènman, ap koute chèf politik monden yo, k ap nour yo de manje lapin pouri votou a, yon bagay ki te pase, sa gen senkantan. Se kondisyon legliz pentkotist la. Oh, lala!

132 Menm jan Sara te eseye mennen pwomès sipètirèl la lè—lè I chwazi Aga, se konsa legliz la te fè sa, lè I ap eseye pote yon revèy. Gwo evanjelis nou yo atravè peyi yo jodi a, "Yon revèy nan tan nou an! Yon revèy nan tan nou an! Nou tout Methodis, Batis, Pannkotist, nou tout ansanm." Kouman w ka gen yon revèy lamàn frèch apati de yon manje ki fin rasi, mouri, manje votou? Ki jan ou ka genyen, yon revèy nan tan nou an? Revèy la pral tèlman piti yo pap menm konnen ke I te janm rive.

133 Pannkotis yo te di: "Oh, pral gen yon gwo bagay ki pral rive." Sa ap pase, epi yo pa konnen I. Ou wè, se sa I ye . Ou wè? Wi mesye. "Paske kote kadav la ye, se la èg yo pral rasable," jis osi sèten ke mond lan. Ou wè? Se sa L te di. Ki sa ki kadav la? Pawòl la. Li se Pawòl la, Kadav la, Kris la ! "Kris nan ou," menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan. Ala sa vre !

134 Sara, ap eseye fè tout pwomès yo akonpli, ou wè, nan yon gwo...tankou legliz la jodi a, "yon gwo revèy nan tan nou an," (pa kisa?) pa yon pwomès pèvèti. Kouman w pral fè sa, lè ke Bondye pa t janm beni yon òganizasyon? Li pa t janm sèvi ak yon òganizasyon. Lè yon

mesaj te soti, epi yo te òganize, li te mouri menm kote a. Mwen defye nenpòt istoryen an pou montre m kote li te janm leve ankò. Li te mouri la menm e l te rete la a. Bondye jis deplase menm lè a de transpòtè sa a, a yon lòt; soti la menm de Literyen an, ale nan Metodis la; soti de Metodis la, ale nan pentkotist yo; kounye a Li te deplase sot nan Pannkotis yo, ale nan semans lan.

135 Paske sa dwe Semans lan. Ou paka kontredi lanati. Pa gen anyen, ankenn lòt la ki pou rive ke Semans lan, kifè Semans lan va repwodui Tèt li. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan; menm kolòn de Fe a, k ap montre menm siy, menm Pwisans, menm Bondye, menm mirak, menm bagay la, ki te konfime Pawòl la ak Bib la, jis egzakteman. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. L ap dirije aswè a. Ke Bondye ede nou wè L epi kwè L! Sèten!

136 Ou wè, Sarah, legliz, te fè chwa de Aga. Sa pa t mache. Èske sa te mache? Non. Chwa gwoup pa manzè p ap mache jodi a, non plis. Doktè, epi moun ak Doktora, ak Diplòm Literati, p ap fè l. Tout transpòtè yo echwe.

Litè te echwe, menm jan ak Aga. Kisa Aga te fè? Aga te bay yon lòt fanm pitit gason I lan (èske se sa?), pou elve timoun li an. Aga te fè sa; li te mete pitit gason I lan, sèl pitit gason I lan, nan sen yon lòt fanm (ki pa manman li), pou elve l. Se menm bagay la Litè te fè lè l te bay pitit gason I lan, jistifikasyon an, a yon denominasyon ki pa serye, se egzakteman sa, pou elve li.

137 Wesle te echwe menm jan ak Sarah, ap doute ke Nesans sinatirèl la se batèm Sentespri a, jan Sarah te fè l anba pye bwatchèn lan. Kan yo te pote sinatirèl la bay Wesle, kan aj Pannkotis la te vini epi Wesle te twouve l fas ak pale an lang ak tou Sa, yo te ri epi moke yo de Sa. Nou tout moun Egliz de Kris yo, nou menm, swadizan, epi nou menm Batis, ak Prezbiteryen, nou tout, nou te monte nen nou, sou Sa, pou nou te elwaye nou de Sa. Dakò. Kisa w t ap fè, gwoup Wesle a? Nou te vann pitit nou bay yon òganizasyon, e li te mouri epi peri. Se egzakteman sa.

138 Men, Pawòl la, vrè Pawòl la te kontinye. Li pa t rete nan òganizasyon sa. Li te vanse drèt al nan pannkot, e li te pran kèk bagay an plis avè l. Li te vin yon Pitit gason ak plis matirite,

tankou Semans lan ki te tonbe nan vant lan; epi, apre yon ti tan, Li te kòmanse ak kolòn vètebral la, answit se poumon yo, epi se te tèt la ak pye yo.

Epitou, apre yon ti tan, Li te rive yon kote ke Li te pran nesans. Se vre. Kidonk, se konsa Legliz te vini a matirite, menm jan an.

139 Wesle te jis doute egzakteman menm jan ak Sarah anba pyebwa a. Manzè te di...Kan Anj Seyè a, yon Nonm, ki te abiye tankou yon...Oswa, yon Anj, Bondye, se te Bondye Li menm. Elohim, ki te abiye tankou yon nonm, ki te kanpe la ak pousyè sou rad Li, e ki te di ke Li te bay pwomès la; apre ke Sarah te gen katreven dizan, epi Abraham san lane.

Sarah te ri anba chal, e li te di, "Kouman sa ka posib, alòske Abraham avè m pa t gen, ebyen, nou pa t tankou jenn moun, nan zafè relasyon familyal, petèt depi ventan." Li te gen prèske santan. Li te di, "Mwen menm, gen plezi ak seyè m nan, mwen aje, e li aje, tou? Epi jèm lavi li te mouri, e matris mwen deseche. Sen m yo fini; venn pou lèt la fini. Kouman m ap fè genyen l?"

140 Bondye te di, "Mwen te pwomèt li. L ap vini, kanmenm!"

141 Menm bagay pou Wesle. "Kouman nou ka fè aksepte pale an lang sa yo, ak gerizon Divin, ak bagay sa. Sa pa pou nou nan jou sa."

142 Bondye te di, "Mwen te pwomèt, 'Nan dènye jou yo M t ap devèse Lespri M sou tout chè.'" Li te pwomèt pou fè sa, e Li te vini e Li te fè I, kanmenm. E legliz Wesleyèn, ak tout ti sè I polèn yo, Batis, Prezbiteryen, ak Legliz de Kris, ak Nazareyen, Peleren Sentete, epi Frè Inì yo, ak kisa ankò, yo te mouri drèt avè I. E Legliz te kontinye.

Kounye a kisa Pannkot te fè? Òganize, jis tankou pay la. Li te fè menm bagay la. Li te òganize tèt li ansanm, te etabli tèt li tankou pay la. Se vre.

143 Pannkot te tankou Mari. [Espas vid sou bann lan—Editè a.]...fèt pannkotis, gade kisa Mari te fè. Kisa Mari te fè ki mal? Pandan yon fèt pannkot, yon lè, li te an fas on pakèt gwo chabrik, prêt. Lè, Pitit gason Li an, manzè patka jwenn Li ankenn kote. E li te retounen, apre yon vwayaj twa jou.

Li te pati kite L. Tankou legliz modèn jodi a, apeprè twa fwa senk, oswa venn senk fwa, legliz te kite L, apreprè senkantan de sa, oswa swasann kenzan.

144 Yo te kite L nan fèt pannkot la. Mari te retounen avèk Jozèf, twa jou, ap chache L. Manzè t ap chache L; li patka jwenn Li.

Li te jwenn Li. Kisa manzè te dekouvrir? Li te jwenn Li nan tanp lan, ap diskite de Pawòl Bondye a avèk prèt yo. E drèt devan prèt sa yo, gwo chabruk sa yo, Mari te kite rido a tonbe. Li te fè egzakteman bagay li pa t dwe fè a.

Ou rele I, “manman Bondye, Bondye?” Yon manman dwe gen plis sajès ke pitit li.

E li te di, “papa W avè m t ap chache W ak dlo nan jye, lajounen kou lannwit.” En! “papa W avè m,” pou ap pretann ke nesans lan pa t sinatirèl, ke Jozèf se te papa Jezi. Li te renye nesans sinatirèl la.

Pannkot te pran pale an lang. Yo te renye Nesans Pawòl la. Se egzakteman sa I te fè. Li va pran tèl kantite nan Sa, men li pap pran Rès la. Li te renye Nesans Pawòl la, jis jan Mari te fè a. Men, obsève, pap gen ankenn òganizasyon apre Sa.

145 Obsève Pawòl la Li menm, menmsi, se te a douzan, jis yon ti bagay nan anvlòp pay la, Li te di, “Èske w pa konnen Mwen dwe okipe M de zafè Papa M?” Pawòl la te korije legliz, drèt la.

146 “Poukisa w ap fè tout bagay sa yo? Ou konnen w paka fè sesi. N ap fèmen pòt nou; nou pap kite w antre.”

147 “Èske w pa konnen Mwen dwe okipe M de zafè Papa M?” Ou wè? Sèten, sèten, vrè sinatirèl la!

148 Poutèt li te chame, manzè te jis pretann Li te pitit Jozèf, yon nonm senp. Oswa, kisa Pannkot te fè, jis pretann Li se “youn nan twa yo.” Fyow! Mwen konnen sa fè mal, “youn nan twa yo.” Men Li te tou lè twa, nan Youn. Li pat youn nan twa yo. Men Pannkot, “O, wi Li se Pitit Papa a, Pitit Sentespri a, apresa...” O, la la!

Men reyèl, vrè Pawòl la pwononse I drèt la, pou di, "Pa gen zafè twa nan yo. Gen youn nan twa a." Men Li te tou lè twa, an Youn. Li pat youn pamitwa. [Espas vid sou bann lan—Editè a.] Amèn. Ou pa konn Pawòl Bondye a? Piga w rann li twa pamitwa; men Youn.

149 Remake, pap gen lòt transpòtè ankò, manman legliz yo, denominasyon yo, apre anvlop pay transpòtè sa.

150 Paske, apre pay la, pa gen ankò, anyen ki rete lè sa ke Gren an. Èske se vre? Sa dwe Gren an. Sa dwe menm espès ki te al nan tè a, Jezikri menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan, yon Espri te vin sou Lepouz pou fè menm bagay ke L te fè yo. Ou wè? Se repwodiksyon Gren an ankò.

151 Pawòl la, menmsi I jèn, te pale pou Tèt Li, "E èske w pa konnen Ke M dwe okipe M de zafè Papa M." Kisa zafè Papa ye?

Èske w ka panse a kisa zafè Papa te ye, nan Li? Akonpli sa Ezayi te di a, "Yon vyèj ap vin ansent." Akonpli sa Ezayi te di ankò, "Estropye a va sote tankou yon sèf," epi tout bagay sa yo va rive. Jan Moyiz te di a, "Seyè Bondye w la va sisite yon Pwofèt, pamitou, tankou m." Se te zafè Papa a, pou Pawòl sa te akonpli.

Ebyen, si sa te rive atravè tij yo, nan fanm natirèl sa yo; sak rive ak tij espirityèl sa yo, legliz fanm sa yo? Legliz vle di fanm, *fanm* vle di "legliz," pito. Èske se vre?

Kounye a kisa sa ye la? "Nou dwe okipe nou de zafè Papa a," Ble a ap kriye reponn, Gren an. Wi, mesye. Kisa I dwe fè? Konfime Malachi 4, konfime Lik 17:30, konfime Ebre 13:8, konfime Sen Jan 14:12, konfime tout Pawòl Li a. Konfime Ebre, m vle di...Apokalips, chapit 10 la, pou ouvèti Sèt So yo, ak mistè Bondye yo; menm semans sèpan an, ak yo tout, pou yo manifeste; maryaj ak divòs ak tout lòt mistè sa yo ki te kache anba gwo poto yo pandan tout ane sa yo, pou teyolojen yo e latrìye, men se moman kounye a. Sa se zafè Papa a.

Ou panse yo t ap resevwa L? Yo vle vin gwo chabrak diyitè, pou ap di, "Denominasyon nou yo pa anseye nou Sa." Men Bib la anseye I. Se vre.

153 Bondye konfime L kòm verite. Sèten, Sa ap akonpli aj sa, lè Sèt So yo...Oswa, jis ap pwouve ke denominasyon yo se te jis dè transpòtè, sa se yon lòt nan zafè Papa a, pou w pwouve. E zafè Papa a kounye a se pou montre w ke denominasyon sa yo pa pou Li. Yo se yon sistèm ke lòm fè ki renye Pawòl la. Dakò. Remake.

Ou di, "Ebyen, Mari, vyè...la, yon vyèj ekstraòdinè!"

154 Sou kwa a, Li pa t janm rele I, "manman." Li te rele I, "fam," transpòtè, pa manman. Ou wè? Se vre, li te yon transpòtè Pawòl la, men li pa t Pawòl la. Li menm Li te Pawòl la. O, wi.

155 Remake, tou, manzè pa t idantifye nan rezirèksyon an avèk Li. Li te mouri epi resiste, paske Li te Pawòl la. Manzè te jis yon transpòtè. Li te mouri, e li toujou nan tonbo. Se vre. Kidonk, li te jis yon transpòtè, pa manman L, pa Bondye. Li te jis yon transpòtè tankou legliz yo. Se vre. Sa montre li te jis yon transpòtè, pa Pawòl la.

156 Annou fini ap di sa a. O, fokon Pannkotis, k ap sote nan viwonn lan tankou votou, ap patisipe nan mond lan jis tankou lòt rès yo fè, "ak yon fòm pyete, ase pou sedui menm Eli an si se te posib, men ap renye Pwisans lan," jan pwofèt la di I la. Yon egzanp pafè de sa Pawòl Bondye a te di I t ap ye nan dènye jou yo, aj legliz Lawodise a, "toutouni, avèg, mizerab, pòv, voryen, e li pa konn sa; ap pretann ke li se gwo zafè epi rich, 'pa bezwen anyen.'" E li pa konnen ke li te chanje vin yon fokon, sanble ak frè yon pwofèt, pou gade Pawòl Bondye a nan la dwati; li te tounen yon votou, pou ap nouri moun li yo ak lapen eklezyastik mouri. Se egzakteman vre. Reveye w! O, la la! Fyow! Kouman w ka atann ou pou yo idantifye w, oswa vin eritye avèk èg yo, pandan ke gen de tèl bagay konsa nan gwo lè sa kote Anlèvman an toupre?

157 O, Kretyen, o, kwayan, si w te yon kwayan pasyèl, kontinye asiste reyinyon yo pou jis yon ti bout tan (èske w ap fè l?), nou gen yon bagay isit la ke mwen kwè Seyè a vle w konnen.

Li fè ta; m paka ale pi lwen. Mwen dwe rete, epi fini petèt demen swa. Men, gade, annou bese tèt nou jis yon moman.

158 M pa vle w ap gade ki kalite gramè m ap itilize, men m vle w pran prekosyon jis yon minit sou sa m te di a. Sa ase klè pou w ka konprann li, mwen sèten, si w gen dezi a. Si w isit la aswè a, e ke ou pa gen eksperyans sa...

Mwen pa di...Ou va di, "M te danse nan Lespri, m te sote toupatou." Ya, fokon yo fè menm bagay la, jis tankou kòbo yo ak votou yo. Se pa sa m ap mande w.

De kisa w ap nouri w? Ki kote ou fè dyèt chak jou w? Ki kote w pran manje w, apati de Pawòl Bondye a oswa kèk vye chawon-y ke yo te itilize lontan lontan, sa fè dè e dè zane? Èske eksperyans ou an, menm aswè a, se avèk yon bagay ou te pran sa fè dè zane; oswa èske I tou fre e tou novo aswè a, yon novo Màn ki te fenk tonbe sot nan Syèl, e w ap nouri namn ou nan Sa, ap atann ou demen a yon bon bagay pi miyò? Si w pa fason sa, kounye a avèk tèt ou bese e jye w fèmen, epi kè w enkline, mande tèt ou kesyon sensè sa. Pa a mwen menm, men a Bondye, èske w ta vle leve men w an siy de temwayaj, pou ap di sa a, "Bondye, mete namn mwen ak lespri m an kondisyon, pou m ka nouri m sèlman avèk Pawòl Bondye a." Èske w vle jis leve men w, pou di...Bondye beni w. Bondye beni w.

159 Mwen jis pa konnen egzakteman konbyen moun, ki genyen, isit la, aswè a. Mwen pa twò bon pou konte foul, men m te ka di gen omwen yon tyè, oswa plis, ki leve men yo, ki vle namn yo vin an kondisyon. Annou sonje yo nan priyè nou kounye a pandan tèt nou bese a.

160 Chè Bondye, mwen sèlman responsab pou pwononse Pawòl la. E ak ti parabòl senp sa yo, ti tip sa yo, moun yo wè ke youn pa pral eritye ak lòt la. E nou konnen nan dènye jou yo va gen yon pèp k ap anlve nan Syèl, e kèk ladan yo ap isit la lè Jezi va vini. E n ap tann Li vini aswè a menm.

161 E m ap panse trant lane, apeprè trant oswa trann twa lane de sa, m te ajenou la petèt nan menm lè sa yon nwit, bò nevè trant ou dizè di swa, ap priye pou yon papa ki te pèdi. Aswè a, Seyè, m ap priye pou anpil papa, anpil manman, frè ak sè. Èske w pa vle egzèse mizèrikòd Ou chè Bondye? Li two ta kounye a pou papa m fè kwakseswa konsènan sa; li te depase fwontyè lavi sa. E byento, Seyè, nou tout pral pase chemen sa. Mwen menm, tou, m dwe pase pa chemen sa. Chak òm, chak fanm, ti gason oswa ti fi, isit la, dwe pase pa chemen sa. E y ap rann nou responsab pou sa nou te fè ak Pawòl Bondye a.

162 Ala piti nonm sa te parèt, nan jye David, lè I te krache sou li! Ala piti moun sa yo va panse, ke krache sou Jezi Pawòl la, lè Li va retounen ankò, ak sila yo ki te pèse L la. Ala piti moun sa yo va santi yo yo menm ki te ka elwaye yo de isit la pou menm wè yon...pa menm sèlman nan gwo mo an Grèk, e latrìye, men nan lanati aklè k ap anseye nou Bondye Kreyatè a; pou w ka wè transpòtè Pawòl yo, epi wè Pawòl la Li menm. pou konnen tan n ap viv ladann lan, epi tan mwason an ki isit la.

163 Chè Bondye, pa kite nou vire do ba Li, pou kèk foli nan mond lan, men kite nou resevwa L aswè a ak tout kè nou. Seyè, kreye nan mwen yon bon espri, Espri Lavi, pou m ka kwè tout Pawòl Ou yo, e aksepte Jezi Pawòl la, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, epi kwè jodi a pòsyon ki te rezève pou aj sa. Akòde I, Seyè, mwen mande sa lan Non Jezi.

164 E kounye a m pral mande nou chak, pandan nou isit la pou ap panse a sa, tout bon sensèman. Nou pa gen yon legliz pou w vin manm. Nou gen yon pisin anba la pou batize, "Tout sa ki te kwè yo te batize," si w pa t ko janm batize ankò nan batèm Kretyen. Sa pa vle di aspèje, vide dlo; sa vle di pa imèsyon/plonje. Pa nan tit Pè, Fis, Sentespri, men lan Non "Jezikri," tankou tout legliz an antye te batize, jiskaske legliz Katolik lane 303 te rantre zafè twa dye ak twa fòm batèm, nan yon tit trinite. Si w pa ko gen sa ankò, demen maten a dizè gen wòb ak bagay konsa ki ap tann ou anba la.

165 Èske w pap vini pou jwenn ak Jezikri, pa avèk nou. Nou pa menm gen yon legliz isit la pou okipe I de ou. Ale nan nenpòt legliz ou vle, pe enpòt kote w soti, men, tanpri, kwè Pawòl sa. Èske w kwè sa? Di, "Amèn." [Kongregasyon an di, "Amèn."—Editè a.] Bondye beni w. Ke ou fè...

166 Si nou ka ede w nan kwakseswa, nou isit la pou fè sa.

167 Bon, m konnen gen malad la. Tan nou pati fini pou nou, aswè a, pou ta fè yon liy priyè. Petèt n ap fè I, kanmenm. Mwen vle nou chak fè yon bagay pou mwen. Ou chita toupre yon moun; poze men w sou moun sa.

Pa gen dout ke w ap mete men w sou yon èg, petèt yon èg ki t ap manje kèk manje votou kèk kote; ki fatige ak sa. Yo pa vle I ankò. Yo la isit la aswè a pou wè sa èg yo vrèman ka

manje, Pawòl la, e yo genyen yon Kris vivan pamì yo, ki ap montre Tèt Li vivan, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Yo pa vle eritye avèk pay anvlòp yo; sila yo pral pou boule. Tout pay ak bagay konsa dwe boule. Mwasonèz la ap vini pou ramase Ble a. Ou vle vin Ble.

168 Gen kèk nan yo ki malad, kèk nan yo fizikman. Èg yo, mwen vle w priye. Priye pou frè, sè èg ki la, pandan m ap priye pou ou isit la. Ke Lespri Bondye vin sou nou.

169 Sonje, m ap bannou Nouriti Èg, pwomès Bondye a. Li rele pwofèt Li yo, “èg” Li rele Tèt pa L “Èg,” Li se Jewova Èg. E pandan nou gen men nou poze youn sou lòt, priye pou yo.

170 Papa nou nan Syèl la, Pawòl Ou di, dènye komisyon Ou bay Legliz Ou, se te, “Ale patou nan mond lan, e preche Levanjil,” lòd jeneral yo se, “sila ki kwè e ki batize va sove; sila ki pa kwè va kondane. Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè; lan Non Mwen yo va chase demon; yo va pale an lang; si yo bwè bagay mòtèl, sa pap fè yo mal; si yo vin an kontak ak sèpan, sa pap deranje yo; e si yo poze men yo sou malad, malad yo va geri.”

O Jewova Èg, nouri timoun Ou yo aswè a ak Pawòl sa, Seyè. Yo nan bezwen. Se dyèt sa yo bezwen. Se sa yo bezwen, pou yo konnen kisa Nouriti a ye, kisa ENSI DI SEYÈ A ye.

171 Ou te pwomèt, si yo poze men yo youn sou lòt, ke yo t ap geri. O Bondye Seyè, wete tout dout ak lide votou yo lwen nou kounye a. E n ap nouri nou seryezman ak Nouriti Èg la, Pawòl Bondye a.

172 Pèmèt ke tout espri enpi ki nan moun sa yo, tout espri dout, tout espri krentif, tout panchan denominasyonèl, tout abitid, tout maladi, tout afliksyon ki pamì moun yo, pati. Lan Non Jezikri, ke sa soti nan gwoup moun sa yo. E ke yo ka lib apati de kounye a, pou yo ka manje Nouriti Èg la ke nou kwè W ap voye pandan semèn sa, Seyè, ap brize So sa yo pou ap montre nou mistè sa yo ki te kache depi fondasyon mond lan, jan W te pwomèt la. Yo pou Ou, Papa. Lan Non Jezikri. Amèn.

173 Tout sa ki kwè e aksepte, kanpe sou pye w, di, “Mwen kwè. Mwen aksepte. Se sa Bondye te pwomèt mwen, mwen resevwa l.” [Kongregasyon an leve an siy akzeptasyon—Editè a.]

Seyè a beni w. Se mèveye. Tout moun leve kanpe! Se byen.

Yon akò pou, *Mwen Renmen L*. Alò annou chante kantik sa pou Li, “Mwen renmen L, Mwen renmen L paske Li te renmen m an premye.” Nou tout ansanm kounye a.

Mwen renmen L,

Si w serye, annou leve men nou.

Mwen renmen L

Paske Li renmen m an premye

E Li te rachte sali pa mwen

Sou pyebwa kalvè.

174 O, èske L pa mèveye? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Annou bay lanmen youn ak lòt. Frè Èg, jis vire tounen, sè, bay lanmen pandan n ap chante l.

Mwen renmen L...

Frè Èg! Frè Èg! Frè Èg, ki ap pote Pawòl la! Charlie, Kouman w ye? Bondye beni w, frè. M kontan wè w! Bondye beni w, frè. Bondye beni w, Frè Èg. Bondye beni w.

Sou pyebwa kalvè.

Annou leve men nou ankò ba Li.

Mwen renmen L, Mwen renmen L

Paske Li renmen m an premye...

E Li te rann ou yon èg!

E L te rachte sali pa mwen

Sou pyebwa kalvè.

175 Kouman w ap konnen, kouman mond lan ap konnen ke w renmen Jezi? Lè nou renmen youn lòt. Se konsa mond lan...Ou wè, Bondye wè fwa ou; mond lan wè aksyon w. Renmen youn lòt kounye a. Ke nou janti youn ak lòt. Pale youn ak lòt. Pran pasyans youn ak lòt.

E tout enstriksyon de plis ke nou kapab bay, batèm, chache Sentespri a...Nou pa gen ankenn chanm la pou fè sa, nou konprann. Apèl a lotèl, si Bondye te konvenk ou ke Sa a kòrèk, ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, e ou vle jwenn avèk Li, ale epi batize lan Non Li, demen. Va gen dèzòm la pou ba w enstriksyon. Tout sa nou ka fè pou ede w, n ap fè li.

Mwen renmen L, Mwen renmen L

Nou menm sou liy telefòn yo kounye a, nan Tucson, laba nan Californie, anwo nèt nan Lès, leve men nou, byen lwen nan...?...Louwe L!

Li te rachte sali pa mwen

(Kimoun k ap klotire? Mwen remèt sa bay Frè Neville...?...) Kounye a, jiska demen swa, mwen kite w ak frè Neville, pastè nou an.